

Dat: 4 me 2017

Sijè: Règleman Vaksinasyon Lekòl

Depatman Sante Pennsylvania (Pennsylvania Department of Health) te pase nouvo règleman konsènan vaksinasyon nan lekòl yo. Chanjman nan règleman sa yo ap antre an vigè nan mwa out 2017 epi yo pral gen yon enpak sou tout elèv nan lekòl segondè yo. Malgré anpil nan elèv nou yo te pran nouvo vaksen ki obligatwa yo, gen anpil nan yo ki bezwen pran plis piki. Men nouvo egzijans yo:

Elèv nan **TOUT** klas bezwen:

- 4 dòz vaksen kont tetanòs, diferi, ak vaksen aselilè kont koklich, 1 dòz apre 4triyèm anivèsè yo
- 4 dòz vaksen kont polyo, 1 dòz apre 4triyèm anivèsè yo
- 2 dòz vaksen kont lawoujòl, malmouton and ribeyòl (MMR), li dwe pran toulède apre 1ye anivèsè li
- 2 dòz vaksen kont varisèl (saranpyon) oswa prèv li gen iminite, toulède apre 1ye anivèsè li
- 3 dòz vaksen kont epatit B

Gen plis vaksen yo sipoze pran pou **klas 7tyèm jiska 12zyèm ane** tou:

- 2 dòz vaksen kont konjige menengokoksik (MCV), premye dòz la lè yo gen 11 a 15 zan, epi dezyèm dòz la lè yo en 16 zan oswa antre nan klas 12zyèm ane. Si li resevwa premye a lè li gen 16 zan oswa plis, l ap bezwen yon sèl
- 1 dòz vaksen kont tetanòs, diferi, ak vaksen aselilè kont koklich

Tout elèv sipoze pran vaksen sa yo avan ane akademik 2017/18 la kòmanse oswa ap resevwa swen nan en yon doktè ak yon plan pou li resevwa yo. Lè ou retounen lekòl pandan lotòn, tanpri bay enfimyè a yon kopi nenpòt dosye vaksen ou yo te mete ajou.